

## **Chanjman kote otobis depoze elèv Edikasyon espesyal aprelekòl**

Nan kèk ka, paran ak responsab elèv ka bezwen otobis la depoze pitit yo aprelekòl yon kote ki pa menm ak kote otobis la pase pran pitit yo nan maten. Paran/Responsab elèv yo bay mwayen transpò Edikasyon espesyal yo dwe ranpli **Fòm pou chanjman kote otobis depoze timoun aprelekòl *Change of After School Drop Form*** pou mande yo depoze pitit yo aprelekòl yon kote ki pa menm avèk adrès kay yo. Règleman yo pa egzije pou otobis depoze yon elèv aprelekòl okenn lòt kote ki pa lakay yo; yo apwouve demann pou sa si gen sèvis ki disponib nan zòn lan. **Si sèvis sa a disponib, li pran 10 jou travay pou otobis depoze elèv yon lòt kote ki pa lakay li.**

OPT ap fè tout efò l pou satisfè demann sa yo depi kondisyon sa yo ranpli:

- Elèv la dwe kalifye epi li dwe ap resevwa mwayen transpò pou elèv edikasyon espesyal.
- Yo ka depoze elèv la nan yon sèl lòt adrès pandan menm semèn lan.
- Nouvo kote pou depoze elèv la dwe nan menm borough ak kay oswa lekòl elèv la.

Pou ede nou evalye ak finalize demann ou an, asire ke:

- Ou ekri enfòmasyon yo byen klè ak lèt detache.
- Ou mete nimewo ID elèv la.
- Ou siyen fòm lan (paran/responsab legal oswa lòt reprezantan ki responsab timoun lan).
- Ou fè notarye fòm lan.
- Ou voye fòm lan pa lapòs oswa ou faks li nan adrès nou site nan fòm lan.

Paran/responsab dwe soumèt demann pou chanje kote pou otobis depoze elèv aprelekòl la chak ane. Ou dwe fè yon demann apa pou ete. Pou elèv ki fè yon demann ki nan dosye, OPT ap voye yon fòm mizajoupou chanjman pa lapòs ba paran nan mwa jen pou sèvis pou ete ak yonn nan mwa Jiyè pou sèvis pou Septanm.

Si w bezwen èd, kontakte **Sèvis kliyantèl OPT** nan **(718) 392-8855**.



**OFFICE OF PUPIL TRANSPORTATION**  
 44-36 Vernon Boulevard 6<sup>th</sup> Floor  
 Long Island City, N.Y. 11101 (718) 392-8855

*Carmen Fariña, Chanselye*

### Chanjman kote otobis depoze elèv Edikasyon espesyal aprelekòl

Depoze elèv apre-lekòl nan yon lòt adrès se yon sèvis Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) ki ofri pitit ou mwayen transpò devan pòt lakay li ki pa fè pati egzijans legal. **Yo apwouve demann sa yo sèlman pou sèvis nan borough kote elèv la abite oswa kote lekòl li ye a ak si sèvis la disponib nan zòn lan. Si sèvis sa disponib, li pran 10 jou travay pou akomode demann pou otobis depoze elèv yon lòt kote ki pa lakay li.**

#### TANPRI EKRI BYEN KLÈ AK LÈT ENPRIMRI

Non elèv la (non, dezyèm inisyal, siyati)		# ID elèv la ki gen 9 chif	
Adrès kay		Kay Telefòn Nimewo	
Vil	Apt. #	Eta <b>NY</b>	Kòd postal
Non lekòl la		Kòd 5 chif lekòl la	
Adrès lekòl la	Vil	Eta <b>NY</b>	Kòd postal
Non nouvo adrès pou otobis depoze elèv la nan apre midi a (egzanp. Happy Day Care Center)		Nimewo telefòn	
Adrès	Vil	Eta <b>NY</b>	Kòd postal
Jou nan semèn lan pou otobis depoze elèv la kote sa a			
<input type="checkbox"/> Lendi - vandredi	<input type="checkbox"/> Lendi	<input type="checkbox"/> Madi	<input type="checkbox"/> Mèkredi
<input type="checkbox"/> Jedi	<input type="checkbox"/> Vandredi		
Non moun ki responsab pou rankontre elèv la kote sa a			
Dat ou mande pou kòmanse depoze elèv la nouvo adrès la nan apre midi (Mwa-Jou-Ane)		Rezon ki fè ou fè demann lan	
- 2 0			

MWEN SÈTIFYE MWEN FÈ ARANJMAN AK MOUN/LEKÒL/SANT KI DEKRI PI WO A, POU ALE TANN OTOBIS K AP DEPOZE PITIT MWEN AN NAN ADRÈS MWEN PRESIZE A, NAN JOU MWEN METE YO EPI MOUN KI GEN SIYATI L PI BA A DAKÒ LI RESPONSAB POU AL CHÈCHE PITIT MWEN AN LÈ L AP DESANN OTOBIS LA NAN ADRÈS PI WO A.

Siyati Paran/Responsab \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

Siyati moun ki responsab pou rankontre elèv la nan adrès pi wo a \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

Notary Name:	Registration Number:	Commission Expiration Date:
Sworn to before me on (MM-DD-YYYY)		
Notary Public Signature/Official Stamp		

**FAKSE FÒM NOTARYE A nan (718) 610-3404 oswa POSTE NAN ADRÈS KI NAN TÈT FÒM SA A**

**ATTENTION: AFTER SCHOOL DROPS**

Si w bezwen èd, kontakte Sèvis kliyantèl OPT nan (718) 392-8855.